



# Avi Konjwen HIPAA sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health OHCA

**AVI KONJWEN HIPAA SOU PRATIK KONFIDANSYALITE VI PRIVE ("AVI" SILA) A DEKRI FASON YO KAPAB ITILIZE ENFÒMASYON SOU SANTE W AK JAN YO KA DIVILGE YO AVÈK TOU KIJAN OU KA GEN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI LI L AVÈK ATANSYON.**

## Kilès ki Pral Respekte Avi sa a?

VNS Health Organized Health Care Arrangement ("VNS Health OHCA," "nou" oswa "noumenm"), se yon sistèm swen sante òganize ki gen ladan I antite ki liste pi ba yo (yo chak nan yo se yon "Manm OHCA") ke nou rele kolektivman "Manm OHCA yo"). Nan kad pratik konfidansyalite vi prive nou yo, nou konsidere tèt nou kòm yon sèl antite.

<b>Vizit Sèvis Enfimri New York Home Care II d/b/a VNS Health Home Care</b>	<b>Vizit Sèvis Enfimri New York Hospice Care d/b/a VNS Health Hospice Care</b>
<b>New Partners, Inc. d/b/a VNS Health Personal Care</b>	<b>Medical Care at Home, P.C.</b>
<b>VNS CHOICE d/b/a VNS Health Health Plans</b>	<b>VNS Health Behavioral Health, Inc.</b>

VNS Health OHCA te kreye avèk objektif prensipal pou amelyore kalite swen nou ba ou. Afilyasyon nan VNS Health OHCA pèmèt Manm OHCA yo pataje enfòmasyon medikal ant noumenm pou jere aktivite operasyonèl komen yo. Pou yo ka bay swen oswa pou peye pou sèvis ou yo, Manm OHCA yo dwe kolekte, kreye epi kenbe enfòmasyon sou sante ou, ki gen ladan I nenpòt enfòmasyon ki idantifyab endividyleman ke nou jwenn nan men ou oswa nan men lòt enstans ki gen rapò ak sante mantal oswa sante fizik pase, preznan oswa fiti ou, swen sante ou te resevwa a, oswa peman pou swen sante ou. Chak manm OHCA gen obligasyon selon egzijans Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite nan domèn Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996) ak règleman aplikasyon I yo, selon jan yo amande I la detanzantan, (ke n ap rele kolektivman, "HIPAA") pou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sa a.

Avi sila a dekri kijan Manm OHCA yo itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w epi li eksplike sèten dwa ou genyen konsènan enfòmasyon sa a. Chak Manm OHCA gen obligasyon dapre lalwa pou yo ba w Avi sila a, epi n ap respekte kondisyon yo jan yo detaye nan dokiman sila a. Ikonpri manm pèsonèl OCHA yo, trvavayè yo ak asosye biznis yo, yo tout ap respekte pratik sou konfidansyalite vi prive ki nan Avi sila a. N ap itilize oswa divilge sèlman enfòmasyon sou sante w yo jan sa dekri nan Avi sila a, amwenske w avize nou alekri, nan adrès ki pi ba a, ke nou gen pèmisyon pou nou itilize enfòmasyon sou sante w pou lòt rezon ki pa mansyone nan Avi sila a. Avi sila a pa chanje estati endependan okenn Manm OHCA ni nonplis tou li pa rann lòt Manm OHCA yo responsab defason kolektif pou neglijans, erè, oswa vyolasyon nenpòt Manm OHCA ta komèt.

## Fason VNS Health OHCA Itilize ak Divilge Enfòmasyon sou Sante w

Manm OHCA yo pwoteje enfòmasyon sou sante w pou yo pa sibi itilizasyon ak divilgasyon ki pa apwopriye. Manm OHCA yo ap itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w yo pou rezon ki liste pi ba yo sèlman:

1. Itilizasyon ak Divilgasyon pou Tretman, Peman ak Aktivite pou Swen Sante. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w pou n ka ba w swen oswa tretman, pou n jwenn peman pou sèvis nou ba w yo epi pou n ka mennen aktivite pou swen sante nou yo jan sa detaye pi ba a.
  - a. Tretman ak Jesyon Swen. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou fasilité tretman Manm OHCA ba ou epi pou kowòdone ak jere swen w avèk lòt founisè swen sante. Pa egzanp, klinisyen Manm OHCA w la ka diskite sou eta sante w avèk doktè w pou planifye sèvis klinik ou resevwa lakay ou. Nou kapab tou kite enfòmasyon sou sante yo lakay ou pou nou kapab kenbe lòt moun k ap ba w swen yo enfòme sou enfòmasyon ki nesesè yo.
  - b. Peman. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou pwòp rezon peman pa nou epi pou ede nan aktivite peman lòt founisè swen sante yo. Aktivite peman nou yo gen ladan I, san limitasyon, detèmine elijibilite w pou avantaj yo epi jwenn peman nan men konpayi asirans ki ka responsab pou ba w kouvèti, ikonpri antite Federal ak Etatik yo.
  - c. Aktivite pou Swen Sante. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou sipòte fonksyon nou yo, ki gen ladan I, san limitasyon, jesyon swen, aktivite amelyorasyon kalite, evalyasyon pwòp pèfòmans nou ak rezolisyon nenpòt plent oswa doleyans ou ka genyen. Nou kapab tou itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w pou ede lòt founisè swen sante mennen aktivite pou swen sante yo.
2. Itilizasyon ak Divilgasyon San Konsantman W oswa San Otorizasyon W. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou swen sante w san otorizasyon espesifik alekri w pou rezon sila yo:
  - a. Jan Lalwa Egzije sa. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w jan kèlkeswa lwa lokal, lwa federal ak lwa etatik aplikab la egzije sa.
  - b. Aktivite Sante Piblik. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay otorite piblik yo oswa bay lòt ajans ak òganizasyon k ap mennen aktivite sante piblik, tankou anpeche oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap, rapòte nesans, lanmò, abi oswa neglijans sou timoun, vyolans domestik, pwoblèm potansyèl avèk pwodui ke Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration) règlemente oswa pou rapòte maladi kontajye.
  - c. Víktim Abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w yo bay yon ajans gouvènman apwopriye si nou kwè ou se yon víktim abi, neglijans, vyolans domestik epi si ou dakò pou nou divilge enfòmasyon an oswa si lalwa egzije oswa otorize divilgasyon an. N ap fè w konnen si nou divilge enfòmasyon sou sante w pou rezon sa a, amwenske nou kwè ke si nou fè oumenm oswa moun k ap ba w swen an konn sa, sa kapab mete oumenm oswa yon lòt moun arisk pou w sibi danje ki grav.
  - d. Aktivite Siveyans Sante. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay ajans siveyans federal oswa etatik pou aktivite lalwa otorize, tankou odit, envestigasyon, enspeksyon ak sondaj sou otorizasyon lisans.

- e. Pwosedi Jidisyè ak Administratif. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w nan kad nenpòt pwosedi jidisyè oswa administratif oswa si nou resevwa yon asiyasyon, yon demann pou prezante prèv oswa pou lòt rezon legal.
- f. Pou Rezon ki gen rapò ak Aplikasyon Lalwa. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay yon ajans ki ranfòse aplikasyon lalwa, pou nou reponn a yon lòd tribunal, yon manda, yon konvokasyon oswa yon pwosesis sanblab, pou ede idantifye oswa lokalize yon moun yo sispèk oswa yon moun ki disparèt, pou bay enfòmasyon sou yon viktim yon krim, yon lanmò ki ka rive akòz yon zak kriminèl, oswa yon konpòtman kriminèl nan lokal nou yo, oswa, nan yon sitiyasyon ijans, pou rapòte yon krim, lokalizasyon yon krim oswa plizyè viktim, oswa idantite, lokalizasyon oswa deskripsyon moun ki komèt krim nan.
- g. Moun ki Mouri. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay yon medsen lejis, yon egzaminatè medikal oswa yon direkchè ponp finèb si sa nesesè ak jan lalwa otorize sa.
- h. Don Ògàn oswa Tisi. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay òganizasyon k ap fè kòlèk ògàn ak lòt antite sanblab pou ede yo nan kolekte, konsève oswa fè grèf ògàn oswa tisi.
- i. Rechèch. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou fè rechèch, tankou etid k ap konpare avantaj lòt tretman ke pasyan nou yo te resevwa oswa nan kad envestigasyon sou kòman pou nou amelyore swen n ap bay yo. N ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou fè rechèch sèlman si Konsèy Revizyon Enstitisyonèl (Institutional Review Board, "IRB") nou an, ki dwe swiv yon pwosesis apwobasyon espesyal, ban nou otorizasyon. Avan nou pèmèt kèlkeswa itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante w pou rechèch, IRB nou an ap konpare bezwen chèchè yo ak valè potansyèl rechèch yo a parapò ak pwoteksyon konfidansyalite vi prive w yo. Lè sa obligatwa, n ap mande w pou ou ba nou yon otorizasyon alekri anvan nou itilize enfòmasyon sou sante w yo pou fè rechèch.
- j. Sante oswa Sekirite. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou anpeche oswa redui yon menas grav oswa imedya sou sante oswa sekirite oumenm oswa publik jeneral la. Nou ka divilge tou enfòmasyon sou sante w bay òganizasyon publik oswa prive ki bay èd apre yon katastwòf tankou Lakwa Wouj oswa lòt òganizasyon k ap patisipe nan mezi kont biyoteroris.
- k. Fonksyon Espesyalize nan Gouvènman an. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou bay asistans pou kèk tip aktivite gouvènman an. Si ou se yon manm fòs lame Etazini oswa yon peyi etranje, nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay otorite militè apwopriye si nou jije sa nesesè. Nou ka divilge tou enfòmasyon sou sante w bay fonksyonè federal pou aktivite entèlijans legal oswa aktivite sekirite nasyonal.
- l. Dedomajman Travayè. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w jan lwa ki gouvène pwogram dedomajman travayè oswa pwogram sanblab ki bay avantaj pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay, pèmèt sa.
- m. Moun k ap Patisipe nan Swen w. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay yon manm fanmi, lòt fanmi oswa zanmi pèsonèl ki pwòch ou k ap ba w èd nan resevwa sèvis swen sante yo. Si ou disponib, n ap ba w yon opòtinite pou ou refize divilgasyon sa yo, alekilè nou pa p fè divilgasyon sa yo si ou pa dakò. Si ou pa disponib, n ap detèmine noumenm si l ap pi bon pou ou oswa si l pa p bon pou ou pou nou divilge enfòmasyon sa yo bay fanmi w oswa zanmi w yo, n ap pran desizyon sa a selon sikostans ki prezante yo ak baze sou jijman pwofesyonèl nou.

- 
- n. Randevou, Enfòmasyon ak Sèvis. Nou kapab kontakte oumenm oswa moun ou deziyen pèsonèlman pou reprezante w la, pa mesaj tèks oswa pa apèl telefòn (tankou sou telefòn selilè) ki itilize mesaj ki otomatik oswa ki pre-anrejistre pou voye ti rapèl pou randevou ak vizit ba ou, yo ka voye ankèt sou satisfaksyon ba ou tou, imel ak bilten byenvini nan pwogram lan, oswa enfòmasyon konsènan tretman altènativ oswa lòt sèvis ki gen rapò ak sante. Frekans mesaj sa yo ap varye. Ou gen dwa pou w dezabone, epi pou w pa resevwa apèl ak mesaj tèks ankò, jis suiv enstriksyon yo bay pou dezabone yo, ekri "STOP" voye I ale, oswa kontakte VNS Health oswa enstans ki reprezante I la. Rezo ou a kapab fè w peye pou mesaj sa. Si w pa ta renmen resevwa onkenn imel, ou kapab klik sou lyen ki aktive ki rele "Unsubscribe" la, w ap jwenn li anba chak imel VNS Health voye ba ou, epi suiv mesaj yo pou w dezabone ak imel la. Konsantman ou pou w resevwa apèl telefòn ak/oswa imel pa gen rapò ak sèvis sante ke w ap resevwa nan VNS Health yo. Tanpri, fòk ou konnen ke komunikasyon ki pase pa imel ki pa kripte, mesaj tèks oswa atravè yon rezo ki ouvè kapab pa an sekirite, kidonk pa gen onkenn asirans ke enfòmasyon ki kominike atravè mwayen sa yo ap rete konfidansyèl. Anplis de sa, imel ak mesaj tèks yo gen risk konfidansyalite pa yo, espesyalman lè ou itilize òdinatè oswa aparèy telefòn ki pa gen modpass ki pwoteje yo.
  - o. Kòlèk Fon. Etandone nou se yon òganizasyon swen sante ki pa travay pou pwofi, ajans ki sou tèt nou an, ki se VNS Health, kapab idantifye w antanke yon pasyan nan kad pou fè kòlèk fon ak fè maketing. Se dwa w pou refize resevwa komunikasyon sa yo sou kòlèk fon, pou fè n konn sa, jis kontakte nou nan adrès imèl la oswa nan nimewo telefòn ki nan komunikasyon pou kòlèk fon an ke ou resevwa a, oswa ou ka ranpli yon kat postal ki nan komunikasyon pou kòlèk fon an ki gen temm sou li e ki deja gen enfòmasyon postal la sou li epi retounen li pa lapòs ban nou.
  - p. Itilizasyon ak Divilgasyon Segondè. Gen kèk lè itilizasyon ak divilgasyon segondè enfòmasyon sou sante w konn rive e yo pa konsidere yo kòm yon vyolasyon dwa w yo. Itilizasyon ak divilgasyon segondè se pwodui derive ki soti nan itilizasyon oswa divilgasyon ke yo otorize otreman, ki limite e ke yo pa ka anpeche defason rezonab.
  - q. Sistèm Swen Sante Òganize. Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w ant Manm OHCA nou yo pou mennen aktivite pou swen sante yo, amwenske yon lòt lwa oswa règleman limite I otreman. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon sou sante w nan VNS Health OHCA a pou evalye kalite, efikasite ak konbyen sa koute pou swen.
  - r. Reprezantan Pèsonèl. Nou ka divilige enfòmasyon sou sante w bay reprezantan pèsonèl otorize w la, tankou avoka w, administratè w, egzekitè manda medikal ou oswa yon lòt moun otorize ki responsab pou ou oswa pou siksesyon ou.
  - s. Asosye Biznis. Nou ka divilige enfòmasyon sou sante w bay lòt konpayi oswa patikilye, ke nou rele "Asosye Biznis", ki ba nou sèvis. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon konpayi ki bay sèvis faktirasyon oswa sèvis jesyon swen pou nou. Asosye Biznis nou yo oblige pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante w epi avize nou sou kèlkeswa itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante w ki fèt defason ki pa apwopriye.

- 
- t. Dezidanifikasyon ak Dezidanifikayson Pasyèl. Nou ka dezidanifye enfòmasyon sou sante w lè nou retire karakteristik idantifyab yo jan lalwa detèmine sa, pou nou rann li ekstrèmeman enposib pou enfòmasyon an idantifye ou, e nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon dezidanifye sa a. Nou ka itilize ak divilge tou enfòmasyon sou sante ki konsène w ki "pasyèlman dezidanifye" pou rezon rechèch, aktivite ki gen rapò ak sante piblik oswa swen sante si moun oswa antite ki pral resevwa enfòmasyon an siyen yon akò pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon yo jan lalwa federal ak lalwa etatik egzije sa. Enfòmasyon sou sante ki pasyèlman dezidanifye pa p genyen okenn enfòmasyon ki ta ka idantifye w dirèkteman (tankou non w, adrès ou, nimewo sekirite sosyal ou, nimewo telefon ou, nimewo faks ou, adrès elektwonik ou, adrès sitwèb oswa nimewo lisans ou).
3. Echanj Enfòmasyon sou Sante. Nou patisipe nan Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE) ki sekirize, menm jan ak sa Healthix ak Bronx RHIO opere yo. HIE yo ede kowòdone swen pasyan an defason efikas poutèt li pèmèt founisè swen sante ki enplike nan swen w yo pou yo pataje enfòmasyon youn ak lòt yon fason ki sekirize e san pèdi tan. Si w bay konsantman w, Manm OHCA yo ka itilize, divilge ak jwenn aksè nan enfòmasyon sou sante w atravè HIE yo ke VNS Health OHCA patisipe ladan yo pou rezon tretman, peman ak aktivite pou swen sante.
4. Tretman Espesyal Sèten Dosye. Enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, enfòmasyon jenetik, dosye sou abi alkòl ak/oswa sibstans, dosye sante mantal ak lòt enfòmasyon sou sante ki pwoteje defason espesyal, ka jwi de sèten pwoteksyon espesyal parapò ak konfidansyalite selon lwa etatik ak lwa federal ki aplikab la. Tout divilgasyon tip dosye sa yo pral sijè a pwoteksyon espesyal sa yo. Espesyalman, si sa aplikab pou ou, dosye pasyan ki gen twoub itilizasyon sibstans pwoteje konfòmeman ak 42 C.F.R. Pati 2 epi yo pa pral pataje yo pam Manm OHCA yo, sof si Pati 2 a pèmèt divilgasyon sa a.
5. Jwenn Otorizasyon W pou Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon. Sèten itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante w yo pral fèt sèlman avèk otorizasyon alekri w, ki gen ladan itilizasyon ak/oswa divilgasyon: (a) nòt sikoterapi (lè sa apwopriye); (b) pou rezon maketing; ak (c) ki reprezante lavant enfòmasyon sou sante daprè Règ HIPAA sou Konfidansyalite Vi Prive a. Manm OHCA yo pa p itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou okenn rezon ki pa presize nan Avi sila a, apade itilizasyon oswa divilgasyon sa yo lalwa otorize oswa egzije, sof si hou jwenn otorizasyon fòmèl ou alekri oswa otorizasyon reprezantan ou legalman nonmen an. Si ou ban nou otorizasyon ou, ou ka anile li nenpòt ki lè, nan ka sa a nou pa p itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w yo ankò pou rezon ou te otorize a, eksepte nan limit nou te konte sou otorizasyon w lan pou ba w swen. Ou dwe soumèt yon anilasyon otorizasyon bay Ofisyè ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la nan adrès nou bay nan fen Avi sila a.
6. Sèvis Timoun ak Fanmi oswa Sèvis Sante Konpòtmantal. Si w deside resevwa sèvis ki soti nan lòt pwogram VNS Health, tankou Sèvis pou Timoun ak Fanmi oswa sèvis Sante Konpòtmantal, y ap enfòme w sou pratik espesifik sou konfidansyalite vi prive ki gen rapò ak pwogram sa yo anplis de pratik ki nan avi sila a.

## Dwa Ou Genyen Konsènan Enfòmasyon sou Sante w

Ou gen dwa ki vin annapre yo konsènan enfòmasyon sou sante w:

1. **Dwa pou Enspekte ak Fè Kopi.** Oumenm oswa reprezantan ou otorize a, gen dwa pou enspekte oswa mande pou yon kopi enfòmasyon sou sante ki konsène ou ke nou konsève yo. Ou dwe voye demann yo bay Depatman Dosye Medikal (Medical Records Department) atravè imèl nan records.requests@vnshealth.org. Demann ou an dwe dekri enfòmasyon ou vle revize a ak nan ki fòma ou ta renmen revize li. Si nou kenbe yon dosye sante elektwonik ki gen enfòmasyon ou, ou gen dwa pou mande pou nou voye yon kopi enfòmasyon sou sante ou nan fòma elektwonik ba ou oswa bay yon tyès pati ou idantifye. Nou ka refize pèmèt ou enspekte oswa jwenn kopi enfòmasyon sa a nan sèten ka limite. Nou ka chaje w yon frè rezonab ki baze sou pri sa koute a. Nou ka refize tou yon demann pou aksè nan enfòmasyon sou sante w baze sou sèten sikontans si gen yon potansyèl danje pou oumenm oswa pou lòt moun. Si nou refize yon demann pou aksè pou rezon sa a, ou gen dwa pou fè yo revize refi nou an annakò avèk egzijans lwa ki aplikab yo, lè w soumèt yon demann pou revizyon bay Ofisiye ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la.
2. **Dwa pou Mande pou Amannman.** Se dwa w pou mande pou yo fè chanjman nan nenpòt enfòmasyon sou sante ki konsène ou ke nou kenbe si ou bay yon rezon ki eksplike pou kisa enfòmasyon sa a pa kòrèk oswa pa konplè. Ou dwe soumèt demann ou an alekri e ou dwe eksplike pou ki rezon nou dwe korije oswa mete enfòmasyon an ajou. Nou ka refize demann ou an nan sèten sikontans e n ap ba w yon eksplikasyon alekri, lè sa a.
3. **Dwa pou yon Rapò sou Divilgasyon yo.** Se dwa w pou resevwa yon lis divilgasyon enfòmasyon sou sante w ke chak Manm OHCA fè. Lis la pa p gen ladann divilgasyon ki fèt pou sèten rezon ki gen ladan, san limitasyon, divilgasyon pou tretman, peman oswa aktivite pou swen sante oswa divilgasyon ou te otorize alekri. Demann ou an dwe presize peryòd tan demann ou an kouvri, ki pa ka depase sis lane. Premye fwa ou mande yon lis divilgasyon nan nenpòt peryòd 12 mwa, yo pral bay li gratis. Si w mande lis adisyonèl nan peryòd 12 mwa a, nou ka fè w peye yon frè minim.
4. **Dwa pou Mande Restriksyon.** Se dwa w pou mande nou mete restriksyon sou fason nou itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou. Byenke nou pral konsidere tout demann pou restriksyon adisyonèl avèk anpil atansyon, yon Manm OHCA pa oblige konfòme li ak demann ou an eksepte pou restriksyon sou utilizasyon oswa divilgasyon nan bi pou fè peman oswa pou aktivite pou swen sante, kote ou te peye tout bòdwo a nèt "ak lajan ki soti nan pòch" ou. Si nou dakò ak yon demann restriksyon ou fè, nou pa p divilge enfòmasyon sou sante w annakò avèk restriksyon nou te dakò sou li a.
5. **Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl.** Se dwa w pou mande nou pou n voye enfòmasyon sou sante ba ou nan yon fason ki diferan oswa nan yon lòt kote. Pou yon lòt fòm kominikasyon dwe presize tou ki kote ak/oswa kijan nou dwe kontakte ou.

- 
6. Dwa pou Resewwa Notifikasyon sou Vyolasyon. Se dwa w pou resewwa yon notifikasyon, sizoka ta gen yon vyolasyon nan enfòmasyon sou sante w ki pa sekirize, ki egzije notifikasyon daprè Règ HIPAA sou Konfidansyalite Vi Prive a. Dwa pou yon Kopi sou Papye de Avi a. Se dwa w pou resewwa yon kopi sou papye de Avi sila a, nenpòt ki lè. Ou ka jwenn yon kopi sou papye de Avi sila a, lè w voye yon lèt ou ekri bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la. Ou kapab enprime tou yon kopi Avi sila a lè w ale sou sitwèb nou an nan [vnshealth.org](http://vnshealth.org).
  7. Chwazi yon Moun ki pou Aji pou Ou. Si ou te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a ka egzèse dwa w yo epi li ka fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante w. Nou pral asire nou ke moun sa a gen otorite sa a epi ke li ka aji pou ou anvan nou pran nenpòt aksyon.
  8. Refize HIE. Se dwa w pou refize patisipe nan divilgasyon enfòmasyon sou sante w bay oswa atravè yon HIE. Sepandan, enfòmasyon ki ale nan oswa atravè yon HIE avan tretman anilasyon patisipasyon w lan, HIE ka kontinye konsève li oswa li ka kontinye rete aksesib atravè HIE a.
  9. Plent. Si ou kwè yo vyole dwa sou konfidansyalite vi prive ou, ou gen dwa pou pote yon plent bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la. Ou ka depoze yon plent tou ak Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Service, "HHS"). N ap ba w adrès kote pou w depoze plent ou ak HHS si w mande sa. Manm OHCA yo, oswa paran yo, VNS Health, pa p pran okenn sanksyon oswa revanch kont ou poutèt ou depoze yon plent.



## Avi Konjwen HIPAA sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health OHCA

---

**Notifikasyon sou Vyolasyon.** Lalwa egzije nou pou nou avize w apre nou fin dekouvri te gen yon vyolasyon enfòmasyon sou sante ou ki pat sekirize, amwenske nou detèmine ke gen yon ti pwobabilite piti pou konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon sou sante ou yo te konpwomèt. Ou pral resevwa notifikasyon san pèdi tan, pa pita pase swasant (60) jou apre nou fin dekouvri vyolasyon an, sof si lalwa etatik egzije yon notifikasyon pi bonè.

**Kesyon.** Si w gen nenpòt kesyon oswa kòmantè konsènan pratik sou konfidansyalite vi prive nou yo oswa konsènan Avi sila a, oswa si w ta renmen gen yon eksplikasyon ki gen plis detay sou dwa w pou konfidansyalite vi prive w la, tanpri kontakte Ofisyè ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive a nan VNS Health atravè enfòmasyon kontak nou bay nan fen Avi sa a.

**Chanjman nan Avi sa a.** Manm OHCA yo ka chanje kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive sa a nenpòt ki lè. Si yo chanje kondisyon Avi a, nouvo kondisyon yo pral aplike pou tout enfòmasyon sou sante w yo, kit se VNS Health OHCA ki kreye oswa ki resevwa yo anvan oswa apre dat chanjman Avi a. N ap mete tout mizajou nan Avi sa a disponib sou [vnshealth.org](http://vnshealth.org).

**Kontak.** Lè w ap kominike avèk nou osijè Avi sila a, osijè pratik sou konfidansyalite vi prive nou yo, oswa sou dwa w pou konfidansyalite vi prive w yo, tanpri kontakte Ofisyè ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la atravè enfòmasyon kontak ki pi ba a: VNS Health, 220 East 42nd Street, 6th Floor, New York, NY 10017; Attn: Ofisyè ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive; Telefòn (212) 609-7470; Imèl: [hipaaandprivacy.team@vnsny.org](mailto:hipaaandprivacy.team@vnsny.org)